



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ POU SOVE KOUS CHEVAL AK 1,200 DJÒB
NAN PIS KOUS FINGER LAKES LA (FINGER LAKES RACETRACK)**

***Akò ak Kavalye, Administrasyon Chan de Kous Finger Lakes la, Moun ki Fè Elvaj
ak del Lago Resort & Casino Pwoteje Djòb ak Motè Ekonomik yo nan Rejyon
Finger Lakes la***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon akò pou pwoteje 1,200 djòb epi prezève kous cheval nan Pis Kous Finger Lakes la nan Farmington. Plan de zan an pwoteje 1,200 djòb ki asosye ak pis la, pandan l ap abòde lakin posib nan pwogram kous nan pis la akòz operasyon del Lago Resort & Casino ki te sitiye toupre Tyre. Komisyon Jwèt Aza Eta New York la (New York State Gaming Commission) an te apwouve tout plan an apre Asosyasyon Byenfèzans Pwoteksyon Kavalye Finger Lakes la (Finger Lakes Horsemen Protective Benevolent Association) te apwouve eleman kle yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Pis Kous Finger Lakes la se yon motè ekonomik pou rejyon an ki anplwaye plizyè santèn Nouyokè, pandan l ap sipòte sektè agrikòl la tou, e akò sa ap asire operasyon kontini li san plis depans pou kontribyab yo. Tout pati yo te mete ansanm ak yon objektif komen pou prezève pis lejandè sa epi bay sekirite pou travayè ki sou pis la e ki deyò pis la. Mwen remèsye tout aksyonè yo pou angajman ak kowoperasyon yo pou reyalize akò sa.”

Plan Gouvènè Cuomo a konsève pwogram kous la nan nivo bous 2016 yo epi ogmante sezon Pis Kous Finger Lakes la a 145 jou, ak uit kous pa jou soti avril rive novanm. Pri aksyon mwayen e pa kous pou ane 2017 ak 2018 la se ap \$13,690 – soti nan \$13,224 nan ane 2016. Pis antrènman ki ouvri 13 Mas la ap fonksyone jiska kòmansman Desanm nan ane 2017 ak 2018.

Dave Brown, Prezidan Asosyasyon Byenfèzans Pwoteksyon Kavalye Finger Lakes, te deklare: “San akò apwopriye sa, sezon kous 2017 la ann antye te riske ansanm ak sibzistans 1,200 fanmi ki depann de nou pou byennèt finansye yo. Nou rekonesan a Gouvènè Cuomo ak staf li a pou tan ak efò yo pou rezoud pwoblèm sa, ak lejislètè lokal nou yo ki te sipòte nou pandan tout pwosesis sa.”

John Poklemba, Prezidan Fon pou Elvaj Cheval ak Devlopman New York (New York Thoroughbred Breeding & Development Fund), te di: “Fon an rete prè pou l bay sipò ki nesèsè pou ede devlope Pis Kous Finger Lakes la. Plan Gouvènè a asire ke pis la ak kavalye yo mentni operasyon yo san yo pa depanse yon sèl dola kontribyab yo.”

Tom Wilmot, Ko-Prezidan del Lago Resort & Casino, te di: “del Lago, antanke manm ki pi nouvo nan kominote Finger Lakes la, konprann enpòtans pou w se yon bon vwazen. Nou se yon pati entegral nan rejyon an e nou vle siksè ki pataje. Se pou sa nou kontan pou n founi sipò sa pou asire bon travay epi pou fanmi yo rete nan rejyon Finger Lakes la.”

Chris Riegler, Prezidan e Manadjè Jeneral Pis Kous Finger Lakes la, te di: “Akò Gouvènè Cuomo a bay Finger Lakes estabilite li bezwen nan peyizaj jwèt aza k ap evolye a. Patenarya sa vle di ke nou tout te envesti pou asire ke pis la konsève kote lejandè sa nan rejyon an.”

Jeffrey Cannizzo, Direktè Egzekitif New York Thoroughbred Breeders, Inc. e manm Konsèy Fon pou Elvaj Cheval ak Devlopman New York, te deklare: “Gouvènè Cuomo te reyini yon plan ki pwoteje yon sektè ki enpòtan anpil pou Eta New York. Moun ki fè elvaj cheval yo se eleman enpòtan nan sektè agrikòl eta a, e sa asire operasyon kontini youn nan platfòm ki pi enpòtan nou yo.. Estatistik yo pale. Nan ane 2016, cheval ki te elve nan New York yo te responsab 73% nan lansman total nan Finger Lakes e li te genyen 76% nan tout lajan kous ki te distribye, ki genyen 73% nan 1,330 kous ki te fèt. Finger Lakes enpòtan anpil pou moun ki fè elvaj cheval yo e plan Gouvènè a asire sa kontinye.”

Detay Plan an pou Konsèy Pis Kous Finger Lakes la

Operatè Pis Kous Finger Lakes la nan Delaware North, del Lago Resort & Casino ak Fon pou Elvaj Cheval ak Devlopman New York la t ap founi sipò nesèsè pou kenbe mwayèn kous yo nan nivo 2016 yo. Espesyalman:

- Delaware North ap envesti ant \$600,000 a \$1 milyon, nan aparèy pèfòmans jwèt bòlèt ki depann de videyo. An retou, kavalye yo ap garanti yon kantite mwayen pou antre pa kous.
- del Lago ap founi anviwon \$440,000 a mache bousye Kous Finger Lakes yo. Sa konstitye previzyon pèman pa ane anvan yo ta ka egzije pou fè pèman sipò kous, bay Tioga Downs, te genyen fasilite sa pou pa konvèti an yon kazino komèsyal. An retou, del Lago ap chèche divès benefis komèsyal.
- Fon pou Elvaj Cheval ak Devlopman New York la dakò, apre vòt Konsèy la, pou envesti fon anrichisman mache bousye nan bous Finger Lakes la. An retou, Finger Lakes angaje nan yon dyalòg ki gen rapò ak sifas kous ak Moun ki fè elvaj ak Eta a, k ap konsidere ki fon devlopman ekonomik ki ka disponib pou objektif sa yo. Eta a ap evalye divès enpak legal legal tou sou operasyon Fon yo.

Akò sa aplike pou sezon 2017 ak 2018 kous yo, ak opsyon pou pwolonje pou yon twazyèm. Y ap rekonvoke tout pati yo nan Out 2017 ak 2018 pou evalye tout enpak reyèl operasyon del Lago sou operasyon pis kous la. Pou 2019 ak pi devan, ofisyèl yo ap genyen de ane done pou ede idantifye yon solisyon alontèm pou pis la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418